

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Kiwari kabutuh pikeun mikanyaho basa séjén beuki ngaronjat. Para ahli téknologi nu bisa maca situasi éta nyieun hiji program tarjamahan otomatis anu bisa narjamahkeun hiji tulisan kalawan gancang tina basa sumber kana basa sasaran, nu biasana disebut *translator otomatis* atawa *kamus on-line*. Rupa-rupa basa geus dijieun kamus-online-na pon kitu deui basa Sunda.

Salah sahiji kamus-*online* loka tarjamah otomatis basa Indonésia-basa Sunda anu sumebar dina internét nya éta <http://tarjamah.sabilulungan.org/> nu geus ditalungtik. Sanggeus ditalungtik, tétéla pola narjamahkeun dina loka tarjamah otomatis ieu nya éta sakecap-sakecap atawa narjamahkeun ditingkat kecap, tétéla pola tarjamahan di tingkat kecap per kecap kawatesanan sarta kurang luyu pikeun narjamahkeun basa Indonésia kana basa Sunda. Sok sanajan pola tarjamahan di tingkat kecap téh ajeg atawa konsekwén lebah makéna kecap tarjamahan, tapi pola tarjamahanna leupas tina ma'na nu sakuduna. Saréngséna dipaluruh, kapanggih yén rata-rata dina hiji kalimah, teu sakabéh kecap bisa ditarjamahkeun. Pikeun narjamahkeun sabagian kecap nu teu bisa ditarjamahkeun, diperlukeun ayana pola nu leuwih jembar, saperti frasa jeung idiom.

Hal ieu ngabalukarkeun aya kasalahan-kasalahan nu nyampak dina hasil narjamahkeun kamus Sunda online ieu di antarana, kahiji nya éta kasalahan narjamahkeun kecap anu ngawengku; (1) kasalahan narjamahkeun kecap nu ngandung undak usuk basa, (2) kasalahan narjamahkeun kecap rajékan, (3) kasalahan narjamahkeun kecap rarangkén, (4) kasalahan narjamahkeun kecap kantétan, (5) kasalahan narjamahkeun kecap salancar, (6) kasalahan narjamahkeun kecap wancahan, jeung (7) kasalahan narjamahkeun kecap panyambung.

Kadua kasalahan narjamahkeun frasa, anu ngawengku; 1) kasalahan narjamahkeun frasa éksoséntris, 2) kasalahan narjamahkeun frasa éndoséntris. Katilu kasalahan narjamahkeun idiom.

Kasalahan narjamahkeun dina tataran kecap aya 168 (87,5%) tina 192 kasalahan narjamahkeun, nu ngawengku; kecap nu teu aya dina kamus 60 kecap (31,25%), kasalahan narjamahkeun kecap rarangkén 37 kecap (19,3%), kasalahan narjamahkeun kecap panyambung 20 kecap (10,4%), kasalahan narjamahkeun kecap kantétan 14 kecap (7,3%), kasalahan narjamahkeun kecap nu ngandung undak-usuk basa 3 kecap (1,6%), kasalahan narjamahkeun kecap rajékan 4 kecap (2%), kasalahan narjamahkeun kecap salancar 28 kecap (14,6%), jeung kasalahan narjamahkeun kecap wancahan sakecap (0,5%).

Kasalahan narjamahkeun dina tataran frasa nya éta 15 frasa tina 192 kasalahan narjamahkeun (7,8%), nu ngawengku; frasa éksoséntris 10 frasa (5,2%), frasa éndoséntris 5 frasa (2,6%). Kasalahan narjamahkeun dina tataran idiom aya 4 idiom (2%).

Perséntaseu tingkat akurasi dina loka tarjamah BI-BS ieu dimeunangkeun tina hasil ngajumlahkeun kalimah anu merenah. Jumlah sakabéh kalimah nu dijadikeun sampel nya éta 112 kalimah. Kalimah anu salah aya 91 kalimah (81,3%), ari kalimah anu merenah aya 21 kalimah (18,7%).

Sok sanajan kitu, ieu loka tarjamah otomatis BI-BS miboga kaleuwihan nya éta dina nuliskeun vokal $e(\delta)$, $é(\epsilon)$, $eu(\ddot{o})$ anu merenah.

5.2. Saran

Situs kamus online ieu diaksés ku jalma réa, boh masarakat Sunda boh masarakat lianna ku sabab kitu panalungtikan ieu penting pisan pikeun ngeuyeuban situs kamus-online basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/> Tujuanna pikeun méré solusi pola narjamahkeun anu hadé pikeun LTO BI-BS ieu.

Saran pikeun panyusun situs LTO BI-BS <http://tarjamah.sabilulungan.org/> nya éta pola idiomatik bisa dijadikeun pamarekan pikeun narjamahkeun basa Indonesia kana basa Sunda . Lian ti éta bisa nambahan pembendaharaan kecap nu aya dina kamus online ieu.

Hasil panalungtikan ieu bisa nambahan référénsi panalungtikan kasalahan basa séjénna. Dipiharep panalungtikan satuluyna bisa ngulik leuwih jero masalah kasalahan basa dina internét nepi ka bubuk leutikna.

